



KLAS 3YEM ANE



P.S 117
Briarwood, New York

Kourikoulòm klas 3yèm Ane
Avril 2011

Bilten Nouvèl sou Kourikoulòm 3yèm

Matematik

N ap kòmanse mwa Avril la ak aprantisaj Jewometri. Gen anpil nouvo vokabilè ke yo prezante nan chapit sa a ke y ap mande pitit ou a itilize pou idantifye ak dekri figi ki gen 2 dimansyon ak figi ki gen 3 dimansyon. Fè sèten pitit ou a ka itilize vokabilè matematik kòrèk pou idantifye ak dekri chak figi. Tcheke kaye ak liv pitit ou pou w jwenn mo ak konsèp enpòtan vokabilè.

Kòm ou konnen, n ap prepare pou egzamen eta yo. Pou ede pitit ou a travay pi byen tanpri toujou rete yon patisipan aktif nan aprantisaj li. Ede yo fè devwadmezon yo lè l nesèsè, epi ankouraje yo pou yo bay 100 % ranman. Tanpri fè sèten ke pitit ou a byen repoze l epi ba l yon manje maten nourisan nan maten egzamen an. Sa va ede l konsantre l sou travay li. Mèsi pou tout travay ou fè avèk pitit ou yo.



Syans sosyal

Èske w konnen ke Afrik gen plèn, dezè, ak forè twopikal tout bagay sa yo nan yon kontinan? Afrik se yon kontinan ki gen plizyè peyi ak rejyon jewografik. Nou tèlman kontan jwenn enfòmasyon sou divès kilti ki reprezante kontinan sa a. Elèv klas 3yèm ane ap konsantre yo sou moun ak bèt ki abite nan chak zòn pou jwenn enfòmasyon sou divès rejyon sa yo.

Tanpri sonje ke nou p ap fè ankò pwomnad pou klas la ale nan Festival Kilti a. N ap fè pwomnad sa yon lòt lè pandan ane lekòl la. N ap kontan gen opòtinite sa a pou wè moun k ap reprezante kilti nan lemond antye nan bèl festival sa a ke y ap òganize nan lari.

Ane

Syans

Mwa sa a n ap fè rechèch pratik pou vin gen plis konesans sou fason son pwopaje. Èske w konnen ke son ka pwopaje atravè sibstans. N ap fè rechèch pou wè kijan son pwopaje nan lè, ak menm nan solid. Koute byen jan son chanje lè w tande l atravè sibstans sa yo. Son antoure nou toupatou. Ou ka menm fè yon eksperyans nan pwòp kay ou. Rakonte konpay klas ou yo sa ki te pase.



Seminè Lektè ak Ekriven

Mwa sa a n ap fè seminè a, epi n ap ogmante difikilte lè nou kòmanse peryòd pou preparasyon egzamen nou a. Nou konnen ke Art lang angle *English Language Arts* (ELA) ap pi difisil epi yo panse ke sa ap tandans pou pwochen ane yo. Nan egzamen klas 3yèm ane yo, nou panse ap gen plis pasaj lekti ak plis kesyon sou lekti. N ap mande pou elèv klas 3yèm ane li pandan 60 minit, epi y ap plis sanse devlope yon pi gran varyete *genre*. Ane sa a elèv yo ap gen yon egzamen k ap dire twa jou olye de jou. N ap mande pou elèv yo akimile ak rezime enfòmasyon ak lide atravè tèks pi long sa yo.

Erezman, travay ke nou t ap fè pandan tout ane a dwe kore elèv nou yo pandan y ap prepare yo pou fè egzamen an. N ap gide elèv yo atravè yon pwogram ki gen yon seri egzamen pratik. N ap kòmanse semenn lan avèk yon eksperyans jeneral kote tout klas la etidye ansanm pou familiarize yo avèk yonn nan *genre* yo ka mande nan egzamen an. Pandan eksperyans jeneral la pwofesè a bay timoun yo enstriksyon ak estrateji k ap ede yo travay ak sonje sijè a pou gide klas la. Rès jou ki rete anvan egzamen yo, elèv yo ap gen opòtinite travay ak pratike avèk yon konpay klas yo, epi nan fen semenn lan elèv yo ap travay pou kont pa yo. Semenn pwochen n ap kòmanse travay sou yon nouvo *genre*. Natirèlman, elèv yo ap kontinye li pou kont pa yo tou.

Mwa sa a n ap fè e preparasyon egzamen (kote n ap montre elèv yo jan pou yo itilize estrateji pou yo reyisi) ak pratik egzamen an (kote n ap bay yo chans po yo pran egzamen yo te bay anvan yo pou yo familiarize yo avèk esperyans pran egzamen an. Nou vle ede elèv nou yo kontinye fòme tèt yo ak aprann. Nou konnen ke w sipòte efò sa yo epi nou kontan poutèt sa.